

SÈVI AK SITWÈB OSWA APLI WALMART POU ACHE SÒU NÈT



FASON POU W KÒMANSE

1. Ale nan walmart.com/wic.
2. Antre sou kont ou oswa kreye yon nouvo kont.
3. Ale nan "Wallet" (Bous) ou, klike sou "Add new payment method" (Ajoute yon lòt metòd peman) epi antre nimewo Kat WIC ou (Pwogram Manje Siplimantè pou Fanm, Timoun, ak Tibebe yo) ak niimewo PIN ou a.
4. Chwazi magazen ki pi pre w.

FASON POU W CHÈCHE PWODUI

1. Apre w fin seleksyone Kat WIC ki nan Bous ou, klike sou "View and shop my benefits" (Gade e achte benefis mwen yo).
2. Klike sou chak manje ki nan lis benefis ou yo pou w wè kèk opsyon ki kalifye pou WIC.
3. Pou chèche plis opsyon WIC yo, klike sou "Benefit Programs" (Pwogram Benefis yo), epi chwazi "WIC eligible" (kalifye pou WIC).
4. Klike "Add" (Ajoute) pou mete sa w vle achte nan panye w.

FASON POU W ACHE

1. Klike sou Panye w.
2. Chwazi swa M ap Vin Pran I swa Livrezon epi chwazi yon jou ak yon lè.
» Disponibilite livrezon an baze sou adrès kote w rete.
3. Klike sou "Continue to check out" (Kontinye ale nan kès).
4. Antre PIN WIC ou a.
5. Verifye kòmman nan ak chwa peman ou a.
6. Klike sou "Place order" (plase kòmman).
7. Antre PIN WIC ou ankò pou otorize yo sèvi ak kat WIC ou a.

Yonfwa ou fin plase kòmman nan, y ap mete balans benefis WIC ou yo ajou.

KONSÈY

- Kapab gen fre livrezon ki aplikab. WIC pa kouvri depans sa yo.
- Walmart egzije w antre yon lòt fòm peman si w chwazi livrezon oubyen si gen bagay w ap achte ki pa fè pati benefis WIC ou yo.

SI W BEZWEN ÈD

Si w gen kesyon oswa si w bezwen sipò, kontakte Sant Èd Walmart nan

1-800-925-6278 | walmart.com/wic



Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.